

Chè fanmi,

Pandan n ap navige nan moman difisil sa yo ansanm kòm yon Vil, mwen admire angajman ak konpasyon nou tout pote nan lavi chak jou nou. Depi mwa mas, sistèm lekòl nou an ap adapte l nan fason nou pa ta janm ka imajine avan. Kounye a, nan de dènye mwa ane lekòl la, nou toujou ap aprann ak grandi chak jou epi nou pa t ap ka fè sa san oumenm: fanmi ak elèv nou yo.

Pandan n ap adapte ak nouvo reyalite sa a, nou konnen paran nan tout vil la anvi gen plis enfòmasyon sou kòman COVID-19 ka afekte edikasyon pitit yo ak lekòl yo ann otòn lan. N ap fè tout efò pou prepare ak planifye pou defi sa yo, ladan plan nou fèk anonse pou aprantisaj adistans ete a pou kenbe timoun yo sou bon chemen onivo akademik ak asire nou gen sipò sosyal ak emosyonèl anplas pou ede elèv yo rezoud pwoblèm twomatis yo ka genyen. Pa gen anyen ki pi enpòtan pase sekirite ak byennèt elèv nou yo ak kominote lekòl yo, epi se sa k ap kontinye rete kòm bousòl nou.

Pandan n ap planifye pou ane lekòl k ap vini an, nou konnen yon lòt aspè lekòl pou otòn lan se premye bagay ki nan tèt plizyè fanmi ak elèv: admisyon pou lekòl presegondè ak segondè. Depi nan kòmansman, mwen te klè nou p ap kite bagay ki depase kontwòl elèv yo afekte pwosesis sa a, epi epidemi mondyal nou tout ap viv la depase kontwòl elèv yo san dout. Onivo eta a, yo sispann egzamen. Onivo Vil la, nou pran mezi pou asire ekite lè nou retire prezans elèv kòm yon faktè ak lè nou kreye yon règleman pou bay nòt ki kenbe atant ki klè, ak ki konsidere difikilte elèv ka rankontre pandan katastwòf sa a. Chanjman ki nesèsè sa yo ke nou fè ansanm lan pral vle di n ap bezwen adapte pwosesis admisyon an pou ane k ap vini an, espesyalman pou lekòl ki itilize metòd admisyon selektif oswa "evalyasyon dosye (screen) kòm pwosesis admisyon yo.

Mwen vle klè epi mwen pran yon angajman anvè nou: nou poko pran okenn desizyon sou règleman sa a epi nou p ap fè sa san nou pa tande opinyon pa w, pa elèv yo ak fanmi yo. Nou pral kolabore avèk elèv ak fanmi DOE pou devlope yon règleman ki koresponn avèk moman sa a. Epi lè nou pran desizyon sou yon règleman, mwen ka pwomèt ou n ap garanti li jis, transparan ak sansib nan plizyè fason kote epidemi sa a afekte timoun Vil nou an.

Pou ede nou nan travay sa a, mwen espere ou pral fè tande vwa w ak opinyon w. Nan lèt sa a, nou anonse nouvo angajman ki pral pèmèt nou tande paran tankou w, elèv, lidè lekòl ak defansè nan vil la sou sijè ki gen rapò avèk admisyon. N ap fè reyinyon nan chak borough pou nou tande sa w panse ak lide w sou kòman ou panse yo ta dwe pran elèv nan lekòl pou otòn 2021 an. Nou ta renmen konnen kisa w panse!

Nou swete tout manm kominote lekòl nou yo pou patisipe, epi n ap tann pou nou tande opinyon ou. Mwen jwenn enspirasyon nan chak nan nou chak jou, epi mwen gen konfyans menm nan mitan epidemi sa a, n ap aprann anpil bagay nan men w ak nan tout eksperyans ak ide w ap pote nan konvèsasyon sa yo. N ap tann pou nou kontinye travay ansanm pou tout 1.1 milyon timoun ki nan lekòl leta a.

Nan inite,



Richard A. Carranza
Chanselye

Kisa lekòl ki fè evalyasyon (screen) yo ye?

Nan anpil lekòl, gen plis fanmi ki aplike pase gen plas ki disponib. Pou kapab detèmine ki elèv k ap jwenn yon òf nan lekòl sa a, gen kèk lekòl ki itilize yon metòd evalyasyon pou admisyon "screen". Lekòl sa yo gade dosye akademik yon elèv ak / oswa lòt enfòmasyon sou yon timoun pou bay elèv la yon ran. An jeneral, yo pran elèv yo nan lekòl sa yo nan lòd ran, sa ki vle di elèv ki klase pi wo pase tout elèv yo jwenn yon òf an premye, apre sa elèv ki an dezyèm pozisyon an, epi yo kontinye konsa.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou metòd admisyon sou entènèt nan seksyon 'Metòd admisyon' nan gid admisyon pou [lekòl presegondè](#) ak [lekòl segondè](#) nou yo.

Konbyen lekòl ki fè evalyasyon (screen) atravè vil la?

- Gen anviwon 400 lekòl segondè. ~125 (30%) fè evalyasyon pou yon pòsyon nan plas yo. ~75 (18%) fè evalyasyon pou tout plas yo.
- Gen anviwon 500 lekòl presegondè. ~195 (41%) fè evalyasyon pou yon pòsyon nan plas yo. ~110 (23%) fè evalyasyon pou tout plas yo.

Ki elèv ki patisipe nan pwosesis admisyon an?

Elèv nan Vil Nouyòk dwe aplike nan lekòl presegondè ak segondè yo vle ale a. Chak ane, elèv klas 5yèm ane aplike pou lekòl presegondè ak elèv klas 8yèm ane aplike pou lekòl segondè. Yo mete jiska 12 pwogram sou aplikasyon yo epi yo resevwa yon òf an prentan.

Kisa COVID19 gen pou wè avèk admisyon?

Akòz COVID19, premye enfòmasyon akademik lekòl yo itilize pou klase elèv yo pa disponib:

- Eta Nouyòk sispann tout tès eta pou nivo primè ak nivo presegondè pou rès ane lekòl la.
- DOE sispann itilize prezans pou sik admisyon 2020-21 an.
- Yo adapte règleman pou bay nòt yo epi yo pa bay elèv lekòl primè ak lekòl presegondè nòt sou menm echèl yo te konn fè sa avan.

DOE ap deside kijan pou ajiste admisyon nan pwogram ki fè evalyasyon yo piske enfòmasyon sa a pa disponib. Sa se objektif nouvo seri kominikasyon nou genyen avèk paran ak elèv atravè tout vil la.

Kisa k ap fèt apre?

DOE ap travay avèk paran, lidè lekòl, elèv, ak lòt moun ki gen enterè nan lekòl pou kolekte lide ak pèspektiv sou pwoblèm sa a. Anplis, nou envite tout paran ak elèv pou patisipe nan reyinyon sou entènèt nan chak borough avèk sipèentandan egzekitif yo:

- **Bronx** avèk Sipèentandan egzekitif Ross Porter nan **Mèkredi 27 me** (6pm-8pm)
- **Queens** avèk Sipèentandan egzekitif Muñiz-Sarduy ak Spencer nan **Jedi 28 me** (6pm-8pm)
- **Staten Island** avèk Sipèentandan egzekitif Lodico nan **Mèkredi 29 me** (6pm-8pm)
- **Manhattan** avèk Sipèentandan egzekitif Rosales nan **Lendi 1ye jen** (6pm-8pm)
- **Brooklyn** avèk Sipèentandan egzekitif Watts ak Freeman nan **Madi 2 jen** (6pm-8pm)

Pou plis enfòmasyon sou kòman pou patisipe, ale nan <http://schools.nyc.gov/AdmissionsEngagement>.

Anplis, DOE ap tandè lidè paran nan tout vil la nan reyinyon avèk konsèy paran Chanselye a, prezidan CEC yo, konsèy Prezidan yo, ak lòt gwoup defans paran.